# GEOGRAFIYA PÁNIN OQÍTÍWDA DÁSTÚRIY HÁM ZAMANAGÓY TÁLIM TEXNOLOGIYALARÍ INTEGRACIYASÍNÍŃ ORNÍ

**Genjebaeva U.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

Ózbekstan Respublikasınıń jańa redakciyadağı Milliy oqıw bağdarlaması geografiya bilimlendiriwi aldına oqıwshılarda ámeliy kompetenciyalardı qáliplestiriw wazıypasın qoymaqta[1]. Házirgi rawajlanıp baratırğan zamanımızda elimizde bilimlendiriwdi rawajlandırıw baslı maqset etip belgilengen. Bul bağdarda bir qatar Prezident párman hám qararları qabıl etilgen. Sonıń ishinde, Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 5-oktyabrdegi PF-6079-sanlı Pármanı menen tastıyıqlanğan “Sanlı Ózbekstan - 2030” strategiyası sheńberinde bilimlendiriw sistemasın basqıshpa-basqısh sanlastırıw belgilep berilgen[2]. Bul strategiya geografiya pánin oqıtıwda, hám dástúriy sabaq beriw usıllarınan waz keshpegen halda, hám zamanagóy xabar texnologiyaları, sonıń ishinde, aralıqtan oqıtıw modulleri hám interaktiv sanlı resurslardı keńnen engiziwdi talap etpekte. Oqıwshınıń sanlı sawatxanlığı - bul tek kompyuterden paydalanıw ğana emes, al sanlı kartalar (GIS) járdeminde aymaqlıq mashqalalardı tallay alıwı bolıp tabıladı. Jańa áwlad sabaqlıqlarında QR-kodlar hám multimedia elementleriniń engiziliwi bilimlendiriwdi sanlastırıw jolındağı áhmiyetli qádem boldı. Biraq, tek ğana texnologiyanı sabaqqa alıp kiriw jeterli emes. Tiykarğı mashqala dástúriy sabaq strukturasın buzbağan halda sanlı resurslardı sabaqtıń qaysı basqıshında hám qanday maqsette qollanıw metodikasınıń tolıq islep shığılmaganlığında. Bul maqalada biz áyne usı teńsalmaqlıqtı tabıw jolların izertleymiz.

Ózbekstan geografiyası páni mamleket aymağın, tábiyiy resursların, demografiyalıq proceslerin, ekonomikalıq hám sociallıq rawajlanıwın hám ekologiyalıq mashqalaların qamtıp alıwshı fundamental taraw esaplanadı. Bul pándi joqarı oqıw orınlarında nátiyjeli oqıtıw studentlerde ózi jasap turğan orın haqqında tereń túsinikke iye bolıw, onıń rawajlanıw perspektivaların analiz qılıw hám keleshek qániygesi sıpatında mámleket rawajlanıwına úles qosıw imkaniyatın beredi.

Búgingi kúnde sanlı texnologiyalar jedel rawajlanıp baratırğan dáwirde geoinfarmacion sistemalar (GIS), aralıqtan zondlaw texnologiyaları, virtual ekskursiyalar hám multimedia resursları geografiya táliminde jańa imkaniyatlar jaratpaqta. Biraq kóplegen joqarı oqıw orınlarında dástúriy oqıtıw metodları elege shekem ústinlik qılmaqta, bul bolsa zamanagóy tálim talaplarına tolıq juwap bermeydi. Geografiya bilimlendiriwinde dástúriy hám zamanagóy qurallardı ápiwayı aralastırıw emes, al olardı modul sisteması tiykarında birlestiriw maqsetke muwapıq. Bunda hár bir oqıw moduli dástúriy lekciya blogı hám oğan sáykes keliwshi sanlı izertlew blogınan ibarat boladı. Modulli oqıtıw degenimiz ne? Modulli oqıtıw - oqıtıwdıń keleshektegi sistemalarınan biri esaplanıp, bul tiykarınan studentlerdiń bilim imkaniyatların hám dóretiwshilik qábiletlerin rawajlandırıw sisteması bolıp esaplanadı.

Dástúriy tálimde oqıtıw maqsetleri pedagogtıń xizmeti arqalı sáwlelengen, yağniy bilim beriwge bağdarlanğan bolsa, modulli oqıtıwda tálim alıwshı (student)lar xizmeti arqalı sáwlelenip, kásiplik xizmetke bağdarlanğan boladı[3.9].

Modulli oqıtıwda sabaqtı tómendegi “Modul blokları”na ajıratıwımız múmkin.

| Modul basqıshları | Dásturiy usıl (Oqıtıwshı róli) | Zamanagóy usıl (Texnologiya róli) | Integraciya |
|---|---|---|---|
| 1-blok: Kirisiw | Ekonomikalıq rayonlastırıw prinsipleri haqqında qısqa lekciya. | Edugames.uz yaki wheel of names programmaları arqalı oqıwshılardıń tayansh bilimlerin tez test qılıw. | Oqıwshı rayonlastırıw ne ekenin túsinedi hám óz bilim dárejesin sınap kóredi. |
| 2-blok: Izertlew hám analiz | Sabaqlıqtağı kesteler hám ekonomikalıq kartalar menen islew (Statik mağlıwmat). | Stat.uz (Milliy statistika agentligi) saytınan aymaqtıń eń aqırğı JIÓ kórsetkishlerin onlayn salıstırıw. | Sabaqlıqtağı mağlıwmatlardı real waqttağı sanlı kórsetkishler menen salıstırıp, analiz qıladı |
| 3-blok: Juwmaq | “Rayonnıń social-ekonomikalıq mashqalaları” temasında, toparlarda dodalaw. | Padlet (virtual doska) da har bir topar óz ekonomikalıq rayonı ushın “Investiciya kartasın” jaratadı. | Oqıwshı aymaqtıń rawajlanıw strategiyasın vizual kóriniste usınadı. |

Oqıw procesiniń dáslepki blogında akademiyalıq dástúriy lekciyalar hám házirgi zamanagóy sanlı oyın texnologiyalarınıń óz-ara úylesimliligi názerde tutıladı. Yağniy dástúriy lekciya procesinde oqıtıwshı tema boyınsha teoriyalıq bilimlerdi túsindiredi, oqıwshı bolsa dıqqat penen tıńlaydı. Bunnan soń oqıwshı alğan bilimlerin zamanagóy bilimlendiriw texnologiyaları járdeminde ámeliy sınaqtan ótizedi. Bul proceste tiykarğı jumıstı oqıwshı atqaradı, oqıtıwshı bolsa baqlawshı hám bağdarlawshı sıpatında qatnasadı.

*Integraciya*: oqıwshı temanı tereń túsinedi hám alğan bilim dárejesin óz betinshe bahalaw imkaniyatına iye boladı. Bul bolsa temanıń oqıwshı yadında jaqsı saqlanıp qalıwına hám onıń qızığıwshılığın arttırıwğa járdem beredi.

Geografiya - bul sekundlar ishinde ózgerip turatuğın tiri process. Biraq biziń dástúriy sabaqlıqlarımız hám metodlarımız kóbinese “statikalıq” yağnıy “ózgermeytuğın” jağdayda qalıp ketpekte. Máselen, sabaqlıqtağı xalıqtıń sanı yamasa sanaat kórsetkishleri 3-4 jıl aldıngı sanlar bolıwı múmkin. Oqıwshı sabaqlıqtı oqıydı (dástúriy), biraq turmısta pútkilley basqa sanlardı kóredi. Oqıw processiniń 2-blogında dástúriy usıl tiykarında sabaqlıqtağı kesteler hám ekonomikalıq kartalar menen islenedi (yağnıy statik mağlıwmatlar úyreniledi). Zamanagóy usılda bolsa oqıwshı stat.uz (Milliy statistika agentligi) saytı arqalı aymaqtıń áyne waqttağı sanlı kórsetkishlerin kórip shığadı hám olardı sabaqlıqtağı mağlıwmatlar menen salıstıradı.

*Integraciya*; oqıwshı sabaqlıqtağı mağlıwmatlardı real waqttağı statistik kórsetkishler menen salıstırıp olardı analizley aladı.

Oqıw processiniń 3-blogında Oqıwshılar toparlarǵa bólinip, rayonnıń social-ekonomikalıq jaǵdayın bahalaydı, mashqalalardıń kelip shıǵıw sebeplerin anıqlap, óz pikir hám usınısların bildiredi.

*Integraciya*; Bul process oqıwshılardıń toparlarda islew hám pikirlew qábiletin asıradı, zamanagóy sanlı texnologiyalar arqalı aymaqtıń hazirgi hám keleshektegi jaǵıdayınıń vizual kórinisin jaratıw imkaniyatın beredi.

"Modulli qatnas" oqıwshıǵa materialdı ózlestiriwde óz traektoriyasın tańlaw imkaniyatın beredi: kimdur dástúriy tekst penen islewdi abzal kórse, basqa topar sanlı kartalar arqalı modul tapsırmaların orınlaydı. "Izertlewimizde Ózbekstan geografiyasın oqıtıwdıń modulli texnologiyası (mısal sıpatında) islep shıǵıldı. Bul modul sheńberinde dástúriy metodlar (induktiv hám deduktiv analiz) sanlı qurallar (virtual vizualizaciya) menen integraciyalandı. Bul bolsa oqıw materialın bólimlerge bólip, sistemalı ózlestiriwge xızmet etedi".

Bunnan basqada oqıtıwdıń nátiyjeliligin arttırıwda jáne bir zamanagóy tálim texnologiyasi yaǵnıy Aralas tálim (Blended learning) - dástúriy oqıtıw hám joqarı texnologiyalıq onlayn bilimlendiriwdi birlestirgen usıl. Bul usıl arqalı studentlerde nátiyjeli oqıw ortalıǵın jaratıw hám oqıw tájiriybesin jekelestiriw ushın kóbirek maslasıwshańlıq imkaniyatı beriledi [4.8]. Bul usıl "Akademik oqıtıw dásturlerin saqlap qalǵan halda, sanlı texnologiyalar járdeminde oqıwshınıń óz betinshe izertlew iskerligin aktivlestiriw"den ibarat. Máselen: Dástúriy qaǵaz kartada oqıwshı qolı menen koordinatalardı tapsa (motorika), elektron kartada (Google Earth) ol obiekttiń real kórinisin kóredi. Biri ekinshisin biykarlamaydı, al bayıtadı.

Dala ámeliyatı hám virtual sayaxat: Student sabaqta virtual kózáynek arqalı Gissar tawlarınıń relyefin kóriwi múmkin (zamanagóy), biraq taw jınısın uslap kóriw hám kompas penen islew (dástúriy) - bul haqıyqıy geografiyalıq kónlikpe boladı.

Bilimdi bahalaw: Dástúriy awızeki soraw oqıwshınıń sóylewin rawajlandıradı, onlayn testler bolsa ádil hám tez nátiyje beredi. Interaktiv oqıtıw metodları studentlerdiń aktiv qatnasıwın támiyinleytuǵın hám olardıń sın pikirlew hám de baylanıs kónlikpelerin rawajlandıratuǵın usıllar bolıp esaplanadı. Búgingi kúnde joqarı oqıw orınlarında bir qatar zamanagóy didaktikalıq qatnaslar qollanılmaqta. Olar arasında mashqalalı tálim hám izertlewge tiykarlanǵan tálim, oqıwshı oraylasqan tálim siyaqlılar ayrıqsha ahmiyetke iye.

Mashqalalı tálim (Problem-based learning PBL) jandasıwı oqıwshılar aldına real turmıslıq mashqalanı qoyıw hám olar bul mashqalanı sheshiw procesinde jańa bilimlerdi ózlestiriwin názerde tutadı. "Mashqalalı metodtıń mazmunı sabaqlar procesinde mashqalalı jaǵıdaylardı jaratıw hám sheshiwden ibarat bolıp onıń tiykarında didaktikalıq qarama-qarsılıqlar jatadı. Mashqalalı tálim konsepciyasınıń tiykarǵı túsinikleri mashqalalı jaǵıday, mashqala, mashqalanı tabıw usaǵan esaplanadı. Pikirlew mashqalası mazmunın túsinip alınıwı bar bilim hám kónlikpeler jıyındısı hám izleniw tájriybesi tiykarında mashqalalı jaǵıdaydı qabıl etiw menen baslanadı". [3:11] Máselen, házirgi waqttaǵı shorlanıw, shóllesiw procesleri yamasa "Aral teńiziniń qurıwı mashqalası hám onıń aqibetlerin qanday saplastırıw múmkin?" degen soraw Ózbekstan geografiyası kursında PBL ushın eń ideal mashqalalı jaǵıday bolıwı múmkin. Sebebi joqarıda aytıp ótkenimizdey bul kurs oqıwshıǵa ózi jasap atırǵan aymaq haqqında dáslepki bilimlerdi iyelew imkaniyatın beredi. Mashqalalı tálimde bul metodtan paydalanıw bolsa oqıwshıǵa iyelegen teoriyalıq bilimlerin ámeliyatta óz betinshe qollanıw hám bekkemlew múmkinshiligin jaratadı. Solay etip, biz zamanagóy sanlı texnologiyalardıń ózine tán ózgesheligin onıń oqıwshılarǵa bilim beriwdegi áhmiyetin kórip shıqtıq. Geografiya sabaqlarında qansha waqıttan berli paydalanılıp kiyatırǵan dástúriy oqıtıw sistemasın shetke shıǵarıp taslay almaymız. Dástúriy geografiya bilimlendiriwi fundamental bilim beriwde kúshli bolsa da, búgingi xabar aǵımı sharáyatında oqıwshınıń qızıǵıwshılıǵın uslap turıw hám maǵlıwmatlardı jedel jańalap barıwda aqsamaqta. Sol sebepli, dástúriy sabaq strukturasına operativ sanlı resurslardı (onlayn kartalar, statistikalıq bazalar) integraciyalaw zárúrligi tuwılmaqta.

Juwmaqlap aytqanda, Geografiya bilimlendiriwinde dástúriy metodlar tiykar wazıypasın atqarsa, zamanagóy sanlı texnologiyalar usı tiykar ústine qurılǵan "aqıllı konstrukciya" bolıp esaplanadı. Olardı modul sisteması tiykarında integraciyalaw oqıwshınıń pán boyınsha ózlestiriw kórsetkishin (KPI) bir neshe esege arttıradı. Geografiya sabaǵında texnologiya muǵallimniń ornın iyelemeydi, al muǵallimdi "geografiyalıq maǵlıwmatlar jetkeriwshisinen", "dúnyaqarasın qáliplestiriwshi yamasa baǵdarlawshı mentor" dárejesine kóteredi. Texnologiya - bul óz aldına maqset bolmastan, bilim beriw procesinde belgilengen maqsetlerge erisiwde xizmet qılıwshı qural wazıypasın atqaradı.

**ÁDEBIYATLAR**


1. O'zbekiston Respublikasi Maktabgacha va maktab ta'limi vazirligi. Milliy o'quv dasturi. – Toshkent, 2021. – 160 b.
2. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2020-yil 5-oktyabrdagi PF-6079-sonli "Raqamli O'zbekiston — 2030" strategiyasini tasdiqlash va uni samarali amalga oshirish chora-tadbirlari to'g'risida"gi Farmoni.
3. С.Х.Байжанов, Қ.Д.Данияров "Заманагөй педагогоикалық теххнология тийкарында оқытыу усыллары". *Оқыу-методикалық қолланба-* Нөкис: "Qaraqalpaqstan" баспасы. 2017-жыл, 76 б.
4. Аралаш таълим (blended learning) технологияси асосида ўқув жараёнини ташкил этиш. [Матн]: методик қўлланма / Б.Холмиров. – Т.: "Yetakchi nashriyoti", 2024. – 32 б.


*Geografiya fanini o'qitishda an'anaviy va zamonaviy ta'lim texnologiyalari integratsiyasining o'rni*


**Rezyume.** Maqolada an'anaviy darsliklar va zamonaviy raqamli texnologiyalar (GIS, interaktiv bazalar) integratsiyasi orqali o'quvchilarning tahliliy kompetensiyalarini rivojlantirish imkoniyatlari, o'ziga xos jihatlari hamda dars jarayonida foydalanishning ahamiyati yoritib berilgan.



**Tayanch so'zlar:** geografiya metodikasi, integratsiya, an'anaviy ta'lim, raqamli texnologiyalar.


*Роль интеграции традиционных и современных образовательных технологий в преподавании географии*

**Резюме.** В статье освещаются возможности развития аналитических компетенций учащихся посредством интеграции традиционных учебников и современных цифровых технологий (ГИС, интерактивных баз данных), их специфические аспекты, а также важность использования в учебном процессе.

**Ключевые слова:** методика географии, интеграция, традиционное образование, цифровые технологии.

*The role of integrating traditional and modern educational technologies in geography teaching*

**Resume.** The article highlights the opportunities for developing students' analytical competencies through the integration of traditional textbooks and modern digital technologies (GIS, interactive databases), their specific aspects, and the importance of using them during the lesson process.

**Key words:** geography methodology, integration, traditional education, digital technologies.